# Ñaareelu bataaxal bi Yàlla may YOWAANA, mu bind ko

1 Man njiit li maa leen di bind, yaw soxna su
tedd si, yaw ak say doom. Bëgg naa leen bu wér
ci sama xol, jéllale naa sama bopp sax, waaye
itam képp ku xam dëgg gi. 2 Te dëgg gee tax
nuy def noonu, dëgg gi dëkk ci nun, tey ànd ak
nun ba fàww. 3 Yàlla Baay bi ak Yeesu Kirist,
Doomu Baay bi, dinañu nu may yiw, yërmande
ak jàmm, ànd ak dëgg ak mbëggeel.

## *Dund ci dëgg ak mbëggeel*

4 Gis naa ci say doom, ñuy jaar ci tànki dëgg,
ni nu ko Baay bi digale, te bég naa ci lool.
5 Léegi nag soxna si, maa ngi lay dénk lii: nun
ñépp nanu bëggante, te loolu du dénkaane bu
bees, waaye moom lanu jotoon ca njàlbéen ga.
6 Lii mooy mbëggeel: nu wéer sunug dund ci
ndigali Yàlla; loolu mooy ndigalam, la nu jotoon
ca njàlbéen ga, te ci lanu wara jaar.
7 Maa ngi wax loolu nag, ndaxte am na
ñuy sànke ñu bare, ñu tasaaroo ci àddina, te
nanguwuñu ne Yeesu Kirist wàcc na, nekk nit.
Kooku aji sànke la, di Bañaaleb Kirist. 8 Kon
moytuleen, ngir baña ñàkk seen añub coono,
waaye ngeen am yool bu mat sëkk. 9 Képp ku
saxul ci dénkaaney Kirist, xanaa di ko weesu,
bokkul ci Yàlla; ku sax ci dénkaane yi, bokk nga
ak Baay bi ak Doom ji. 10 Ku ñëw fi yaw, te

indaalewul dénkaane yooyu, waxuma nga bañ
koo teeru rekk, waaye bu ko nuyu sax. 11 Ku ko
nuyu, bokk nga ciy ñaawteefam.

12 Bëggoon naa leena wax lu bare ci bataaxal
bii, waaye lépp xajul ci kayit. Kon nag fas naa
yéenee ñëw, ba jàkkaarlook yéen, nu waxtaan
ci, ngir sunu mbég mat sëkk. 13 Say doomi rakk,
ji Yàlla tànn, ñu ngi lay nuyu.

# Téereb Injiil
## The New Testament in Wolof, 2010 version.
## Le Nouveau Testament en langue Wolof, revision de 2010

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see http://sng.al/copyright
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:
You include the above copyright and source information.
You do not sell this work for a profit.
You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.
Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 11 Nov 2022 from source files dated 17 Jul 2020
79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e